

Mete yon senti sekirite byen se yon bagay fasil!

Mete yon senti sekirite ka anpeche w ale lopital.



Fason kòrèk pou mete senti sekirite w

- ✓ Ajiste senti ki pase sou janm lan byen ajiste ba epi sere l sou hanch/basen w, pa sou vant ou.
- ✓ Mete senti ki pase sou zèpòl la sou lestomak ou lwen kou w.

Pa janm mete senti ki pase sou zèpòl la pa dèyè do w oswa anba bra w.



Move fason pou mete senti sekirite w

Si w mete yon senti sekirite chak fwa ou monte yon machin, ou gen plis chans pou

➤ Rive kote w prale a alè.

- ✓ Mete yon senti sekirite pa sèlman yon bon lide, men se sa lalwa mande pou fè.

➤ Sere lajan ou redi travay pou fè a.

- ✓ Tikè yo ka baw pou zafè senti sekirite ka koute anpil lajan pou amann, nan anpil lokalite, frè sipleman tè sou asirans machin ou ak lisans ou.

➤ Evite blesi ki ka domaje w ak sikatris.

- ✓ Chak 15 segonn, yon moun blese nan yon aksidan sikilasyon. Si w pa mete senti sekirite w, ou ka vòltije nan yon fenèt, ou ka glise bò yon twotwa, oswa ou ka kraze anba yon machin nan yon aksidan.

➤ Viv.

- ✓ Yon moun mouri nan yon aksidan chak 13 minit.

Men, senti sekirite sove plis pase 11,000 lavi chak ane, epi yo ka ede w kenbe kontwòl machin ou an nan yon aksidan.

“Yon jèn gason 18 an tap kondwi ta nannwit lè l te pèdi kontwòl machin lan. Li pat gen senti sekirite l anplas. Li vòltije sot tonbe deyò, epi machin lan pase sou li. Lè l te rive nan sant pou twoma nou an li te apèn anvi toujou. Tout ekip nou an travay sou li pou apeprè inèdtan pou l te ka reprann vi, men blesi l yo te twò grav. Fanmi l pat ka sipòte kò yo e lè yo vin wè jan yon senp senti sekirite te ka efektivman sove lavi pitit gason yo a, yo pat kapab reyalize pouki rezon ti gason an pat mete senti an. Yon sèl ti ‘klik’ ka fè tout ladiferans nan lavi w.”

- Frederico E. Vaca, MD, Asistan Profesè Medsin Dijans, University of California, Irvine

Always wear your safety belt correctly.

- ✓ Adjust the lap belt to fit low and tight across your hips/pelvis, not your stomach area.
 - ✓ Place the shoulder belt snugly across your chest, away from your neck.
- Never place the shoulder belt behind your back or under your arm.

Kidonk, mete senti sekirite w tout kote w prale. Tout tan. Tout moun. Se lalwa!

Ou pa fin konvenki ak lalwa Leta? Konsidere lalwa fizik:

☀ Si w fè yon aksidan oswa ou peze fren w brit sou kou, machin ou an vin kanpe lamenm. Men ou pral kontinye deplase jiskaske oumenm, tou, ou kanpe — nan gwo vit devan na an, tablo bò a, oswa twotwa a.

☀ Lè w mete yon senti sekirite sa anpeche w vòltije sot nan swa anndan oswa deyò machin lan. Yon senti sekirite diminye chans ou pou blese lè l kenbe w an plas fèm.

KOUMAN OU VLE KANPE?

During a car crash:

- ✓ If you crash or slam on your brakes, your car comes to a sudden stop. But you will keep moving until you, too, are stopped—by the windshield, dashboard or pavement.
- ✓ Wearing a safety belt stops your body from being thrown around inside or outside the car. A safety belt decreases the chances you will get hurt by keeping you firmly in place.



Wear your safety belt on every trip. EVERY TIME! EVERY ONE! It is the LAW.

Èske sak gonflab mwen an bay ase pwoteksyon?

Sak gonflab yo fèt pou itilize avèk senti sekirite. Poukont yo, yo bon senpleman a 12% (douz pousan) nan zafè redwi ka lanmò.

Ou genyen sak gonflab? Toujou mete senti sekirite pou rezon sa yo:

- ☀ Nan pifò machin, sak gonflab yo senpleman devan machin lan, epi li gonfle sèlman nan aksidan ki fèt devan machin lan. Nan aksidan ki fèt dèyè oswa akote ansanm ak machin ki kapote, senti sekirite a ka sove w kont blesi grav oswa lanmò.
- ☀ Sak gonflab yo gonfle rapidman nan yon aksidan. Si w pa mete senti sekirite, aksidan an ka voye w twò pre sak gonflab la epi ou ka blese gravman oswa menm ou ka mouri.
- ☀ Sak gonflab yo pi bon lè w mete senti sekirite w epi ou chita nan yon distans omwen 10" (dis pous) de sak la, epi lè timoun ki poko gen 12 an chita dèyè machin lan avèk senti sekirite yo.

Air bags are designed to be used with safety belts. By themselves, they are only 12% effective at reducing deaths.



Beth Israel Deaconess Medical Center

Ti bwochi sa a devlope avèk kolaborasyon epi ak lajan Administrasyon Nasyonal Sekirite Trafik sou Otowout (National Highway Traffic Safety Administration), Region 1 Office, Cambridge, MA

Nou ba w Pèmasyon pou repwodwi enfòmasyon sa a depi ou bannou kredi pou sa.



Take Care. WEAR YOUR SAFETY BELT, EVERY TIME! EVERY RIDE! EVERY ONE!

Haitian Creole Language

**Pran Swen Tèt Ou.
METE SENTI SEKIRITE W,
TOUTAN!
TOUT LÈ OU MONTE NAN
MACHIN NAN!
TOUT MOUN!**

